

# #noupapdòmi

Pòtoprens, 14 jen 2019

Nou Pap Dòmi ak alye li yo salye kouraj tout Ayisyen fanm kou gason, jèn tankou granmoun, nan tout sektè ki te reponn apèl 2 jounen mobilizasyon 7 tou palè nasyonal lan. Pou mande Pwosè Petwokaribe a, demisyon Jovenel Moise ki dwe pote tèt li bay lajistis epi arestasyon tout moun ki te patisipe nan gagote lajan Petwokaribe a.

Nou pap dòmi deplore lanmò tout moun ki viktim nan semèn mobilizasyon sa a, e nou mande liberasyon tout sitwayen pezib lapolis arete panda semèn mobilizasyon an. Espasyalman 2 etidyan yo arete yo, Moreno Paulas ak Casimir Saint-Louis. Nou deplore tout fòm represyon pouvwa a ap itilize pou kraze revandikasyon popilasyon an, e nou renouvle agajman nou, pou n pa fè bak.

Nou Pap Dòmi kondane tout atak kont laprès ak jounalis ki se youn nan gany ki pi enpòtan nan demokrasi nou an. Batay pou libète lapawòl se yon zouti demokratik nou p ap kite okenn antite atake l pou okenn rezon.

Nou Pap Dòmi ak alye li yo pap ni pran nan presyon ni koube devan okenn machinasyon politik. Itilizasyon presyon ak pwopagann pou fòse nou negosye ak vòlè lajan Petwokaribe a pap pase, paske yon vòlè se ak jij pou l al dyaloge osnon nan prizon. Nou konprann jwèt la e nou pap kite yo detounen nou.

2 jounen mobilizasyon 7 tou Palè Nasyonal la montre jan popilasyon an brave danje e defye Jovenel Moise kipanse Palè Nasyonal se byen prive l. Nou mande popilasyon an, espesyalman tout gwoupman k ap batay pou pwosè Petwokaribe a pou rete mobilize. Piblikasyon rapò yo pa t kado, pou sa, nou oblije kontinye batay pou piblikasyon arè debè yo.

Nou pap dòmi apiye tout mobilizasyon pasifik pou pwosè Petwokaribe a, epi demisyon Jovenel Moise.

**Demisyon, Pwosè, Prizon, Restitasyon.**

Nou Pap Dòmi